# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि नया सालि में दुनिया में भारत अउर भारत में उत्तर प्रदेस के नया पहिचान मिली। डबल इंजन क सरकार येह उद्देस्य के ले के पुरहर प्रतिबद्धता के साथे कार कइ रहलि हउवे। उहां के कहलीं कि बिना कउनों भेदभाव के योजना क फायदा देवे वाली डबल इंजन सरकार विकास के गति अउर बिरासति के नया पहिचान दिहले हवे। मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर में पनरह सौ करोड़ रूपिया से जियादे क परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइले के बाद आयोजित कार्यक्रम में बोलत रहलें। उहां के कहलीं कि नया उत्तर प्रदेस में नौजवानन के प्रदेसे में रोजिगार मिली। गोरखपुर में हो रहल विकास कार्यन क चरचा करत मुख्यमंत्री कहलें कि आवे वाले समय में कई गो नया योजना के जरिये नया गोरखपुर देखे के मिली। उहां के कहलीं कि–

***कार्य करने का एक जज्बा होना चाहिए आज गोरखपुर में पिपराइच के चीनी मिल भी चल रही है आज गोरखपुर में चिड़ियाघर यानी प्राणी उद्यान भी कार्य कर रहा है सभी जगह से आने वाली कनेक्टिविटी लखनऊ का हो या फिर वाराणसी का मार्ग फोरलेन से जुड़ चुका है और गोरखपुर में लोगों के लिए रोजगार के नए–नए अवसर भी जुटाए जा रहे हैं नए निवेश आ रहे हैं अकेले गोरखपुर में पिछले 5 वर्ष के अंदर 15000 से लेकर के 20000 करोड रुपए का निवेश तो जमीनी धरातल पर उतरा है जिसमें उद्योग लग चुके हैं वह चल रहे हैं हजारों लोगों को नौकरी और रोजगार की गारंटी मिली है।***

**********

महाकुंभ में सरधालुअन के सुविधा बदे रेलवे त्रिकोणिय सेवा सुरू कइले क फैसिला लिहले हउवे। एकरे जरिए अजोध्या से बनारस अउर बनारस से प्रयागराज खातिर रेलगाड़ी चलावल जाइ। उत्तर रेलवे लखनऊ मंडल क प्रबंधक एस.एन.शर्मा बतउले कि ई सेवा दस जनौरी से सुरू हो जाइ। श्री शर्मा बतउले कि मौनी अमौसा के मौका पर ओनतिस जनौरी के करीब कइ गो विसेस रेलगाड़ी अउरियों रेलवे जोन चलवाइ।

***मौनी अमावस्या में करीब 29 तारीख के आसपास मैक्सिमम नवम्बर ऑफ स्पेशल ट्रेन चलेंगी। चाहे हम चला रहे, चाहे सेंट्रल रेलवे, चाहे नार्थ इस्ट रेलवे जो पहला स्नान है 13 तारीख को उससे पहले हम लोग एक ट्रायल कर लेंगे जे हमारी तैयारी है उसके बारे में हमको पता हो।***

**********

नया सालि के पहिला दिन्ने काल्हि बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर में सात लाख तिरासी हजार सरधालु बाबा विश्वनाथ क दरसन कइलें। दरसन–पूजन करे वाले सरधालुअन क ई संख्या बीतल बरिस के पहिला जनौरी के तुलना में आठ हजार जियादे बाटे। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि पछिला बरिस नया सालि के पहिला दिन्ने सात लाख पैंतीस हजार सरधालु बाबा विश्वनाथ क दरसन कइले रहलें।

**********

नई दिल्ली के कर्तव्यपथ पर छब्बीस जनौरी के आयोजित होखे वाली गणतंत्र दिवस परेड अउर बीटिंग रिट्रीट बदे टिकटन क बिक्री आजु से सुरू हो गइल हउवे। रक्षा मंत्रालय बतउलसि कि टिकट सेना भवन, सास्त्री भवन, जंतर–मंतर, प्रगति मैदान अउर राजीव चौक मैट्रो स्टेसन से मूल फोटो पहिचानपत्र देखा के खरिदल जा सकेला।

**********

कुशीनगर जिला में चालू वित्तय बरिस में मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना के तहत अट्ठारह सौ छब्बीस जोड़न के सामूहिक विवाह क लक्ष्य रक्खल गइल हवे। ओइजा क जिला समाज कल्याण अधिकारी बतवले कि वैवाहिक कार्यक्रम सोरह जनौरी से मार्च दुइ हजार पच्चीस ले अलग–अलग तारिखन में सुभ साइत देखि के करावल जाइ।

**********

जौनपुर जिला के आदमपुर अकबर रेलवे क्रासिंग के लग्गे आजु एगो मोटर सइकिल के ट्रक के चपेटा में आ गइले से भाई बहिन के सथही तीनि जने क मउति हो गइल। मरे वाले सज्जों तीनि जने अपने गांव से दवाई लेवे मल्हनी जात रहले। घटना के बाद मौका पर पहुंचल पुलिस ट्रक के कब्जा में ले लिहले हउवे।

**********

प्रदेस के करीब करीब सज्जों जिलन में सीतलहरी सुरू हो गइल बाटे। पहाड़न पर हो रहल बरफबारी के चलते करीब सज्जों जिलन के तापमान में तेजी से गिरावट दरज कइल गइल हवे। पूर्वी उत्तर प्रेदस के कइ जिलन में कुहेसा बढ़ले के नाते आवाजाही प्रभावित भइल बाटे। ठंडी बढ़ले के नाते कइ जिलन में स्कूलिन में ठंडी के छुट्टी घोसित कइ दिहल गइल हउवे।

**********

लखनऊ के केडी सिंह बाबू स्टेडियम में बिहने से सात जनौरी ले अंतरराष्ट्रीय हैंडबाल चैम्पियनसिप ट्रॉफी क आयोजन कइल जाइ। उत्तर प्रदेस हैंडबाल एसोसिएसन क प्रेसिडेंट अल्का दास काल्हि ट्रॉफी क अनावरण कइलिन। येह चैम्पियनसिप में मेजबान भारत के सथहीं चारि देसन क टीमि हिस्सा लीहे।

**********